

Ndaw si fi nekkoon, te né du
sèy ag boroomub légèt -

- Léébòòn
- Lippoon
- amoon na fi
- daana am
- ba mu ame ya fekke ?
- waxal ma dégg.

Jongama ju rafet ba dee moo néwoon, "man dèy duma sèy ag boromub léggèt. ñu daldi koy né, kooy séyal ?mu né : "xanaa ku amul ub légèt."

Aw far jógé Ngaay, dikk, àndi ñaari woto, bii marsandis la, bii ay wurus la, ag ceeb, ag pañey gurò, ag wurusu wòòr Jongoma ji dikk, né : "balaa daray xew dé yaay, damaa dugg ag moom ci néég bi". ñu taal ñetti sonde, ñu dugg ci néég bi, di ko wisit, di ko wisit, di ko wisit, di ko wisit ba ni ko : "summil sa tubbèy !" Mu summi tubbéyam, Mu né ñill taat wi, ni ko : "lii légèt la di, te man du ma sèy ag boroomub légèt !"

- Mu né ko : "kòn nag lu ma la yotoon bàyyi naa koog yow", daldi dem.

Ka ca des itam, daldi jógé ca Mburus, dikk : pañey guròòm, xaaalisam ba mu doy, wurusu wòòr ba mu doy, balooti séram ba mu doy, mbooloom ba mu doy. Sëf ñaari nag, ñéénti xar, def jiwoom ba mu doy mu ñéw. Tama yaa ngi topp ci moom, sabar yi, lemba laa ! la wax man, nit ñaa ngiy wereelu, ñi ci des ñi ngiy sakket di fecc.

Mu né : "yaay kat amati naa aw gan." mu né ko : "tey jii, ni nga ameey gan ag ni ñu agsee, ag seen ñam yu bare yii, ag seen woto yu doy yi, ag seen tegg mii ñu àndal man dèy doom, noo mēna def tey jii - dinaa wax sama jaam bii ndax ñu reyal la am xar ñu reere ko. Bu subaa nag mbooloo mii fi tase ci dëkk - dëkkaan yi daa^eñu rý nag."

.../...

ñu def noonu, mu ni : "yaay balaa daraa xew kat def leen ndank,
ma wisit .ko."

Mu wisit ko, mu né ko ;

- Yow sa tēru ween wii, ab légēt a ngi ci di.

Jinné ja dégg ko, daldi fab lu doon ag ngeer laa la wax man
mii, soppi ko ay fasu naarugóór, lackoloñ gi xeen ci biir dëkk
bi, mēnéésul xam ni xet gi neexe.

Ndënd yi tēgg, xameesul neexaayu tēgg mi ni mu neexe, mboo-
loo mi topp ci moom, fasu naarugóór yi, ku ci nekk yaa nga "yéég"
ca kow.

bëccëg

Dëkk bépp leer, ba mel ni^vbu sa pusó waddee sax dinga ko for.
ñu ni mabaax yegsi na ! Jongoma ji daldi yonni jibéér (I) ba ni
ko : "soo demee néél saa baay, na ñu ma wutali gétti nag, àjjuma
ba àjjuma dellusi. Na ñu ma wutal gétti fasu naarugóór àjjuma ba
àjjuma dellusi, xaru tubaabeer yi, na ñu ma wutal séng yu ñu lek-
k àjjuma ba àjjuma dellusi. Am ndox ag sama dara nag bu mu manke,
ndax maa ngi nêw ag sama mbooloo." Ñu ni mamaax ci biir dëkk bi,
ndekete wóó jinné ji moo koy doxaansi nag, moom ci boppam, ba mu
dikkée ba ni "yàyy!ni"mutt" ! xalis bu baré bi mu yorewoon tas-
saaroo. Mu né : "loolu sax dé guné yu ndaw yee ko moom ag mägget
yi". Nit ñi di nērem nērēmi di for. Jinné ji ci des ni "Yayy" !
ni "mutt !" wurusu ngalam wiy def ñetetetetetete di rot. Mu ni
"for leen, yeen jàñq ji yeen moom loolu, ngalam, guné gu jigéen
gu rafet a koy fab".

Nakka ñu wàcc, mu né moone baay de waay sama gan gii man, defe
naa ni tey jii lay séyi, né bëret, ni jibéér ji : "génnaal ma saa
armoor ba."

Mu né ruséét armoor ba, daldi koy ni déjj né ko "yaay kat man
damay dem, kii moom xam naa né du yorub légēt, jinné la kat."

Nakka far wi ñow, mu daldi dikk, néko defal ndànk ma wax ag sa mo-
roomu gor yi. Mu né ko déédéét, damay séyi tey, dikkal sax nu dem
ci néég bi, ma wisit la.

Mu wisit, wisit, wisit, gisul ben légēt mu né : "dem naa".. Nakka
ñu daldi dikk, né ko : "ayca boog ñu génné basañ yi".

.../...

Nu daldi génné basñ yi, woo magu dëkk bi, ñu léémou ko. Ñu bàyyi fi fasu narugóór yépp, xaru tubaabeer yépp, nag yépp, lépp, ñu ba ko fi.

Nakka mu né ñuus (I) ci kow fas wi, ñu dem ba génn ci ginnaaw dëkk bi, faswi daldi detteelu tollu ni mbaam, tank yi daldi wàttatu.

Mu né:aan ! moom kat lëf li moom...

Mu né ko ééy ! yemal, deesul wax guddi. Jinné ji ko doxaansi kat Saatañaali la tudd. Gunèy Ndar yi né : Xaeé èy Saatañaali, mbër nga ! Mu né leen, "teel ngeen, yegguma fi ma jëm"

ñ dox lu tollu ni sunu ginnaaw kër mu ni yëfóot ci taatu guy, né guy gi nàll am xët, guy gi, né xareet, leer naññ, jinné ji daldi koy né césum xët, ni ko narr ci dënn bi, ween yi ni tareet.

- Jinné yu ndaw yi né

"Saatañaali bon nga

Saatañaali bon nga

sempi guy gi booleeg jinné yi

La jeune fille qui voulait un mari
sans cicatrices (Faute)

- Je conte
- Nous t'écoutons
- Il était une fois
- Cela est arrivé
- Quand c'est arrivé étais-tu présent ?
- Parle je t'écoute

Une belle fille avait déclaré : "eh bien moi, je ne me marie pas avec un homme qui a une cicatrice". On lui demanda "avec qui veux tu te marier ? - elle répondit - eh bien avec quelqu'un qui n'a aucune cicatrice."

Un prétendant venant de Ngay se présenta, il amena deux voitures une chargée de marchandises, l'autre chargée d'or, de riz, de paniers de kola, d'or africain,

La fille intervint et dit "Maman, avant toute chose, il faut que je m'enferme avec lui dans la chambre". On alluma 3 bougies, elle s'enferma et l'examina très longtemps, puis elle lui dit d'enlever son pantalon ample.

Il enleva son pantalon ample, examina les fesses et lui dit : eh bien ça c'est une cicatrice, et moi je ne me marie pas avec quelqu'un qui a une cicatrice,

Il lui dit, dans ce cas, ce que j'é t'avais apporté, je te le laisse, et il repartit. Un autre, venant de Mburus se présenta. Il avait des paniers de Kola et de l'argent en quantité suffisante, de l'or en quantité suffisante, des balots de pagnes en quantité suffisante, une suite de gens en quantité suffisante.

Il chargea deux boeufs, quatre moutons, avec de la semence en quantité suffisante, et se présenta. Il était suivi de petits tam-tam, les gros tam-tams résonnaient aussi, les gens faisaient demi-tour (pour le suivre), les autres avaient formé un cercle et dansaient.

.../...

Elle dit : "maman, j'ai encore un visiteur. Elle lui répondit - Aujourd'hui, tous les visiteurs que tu as reçus, vu la façon dont ils se sont présentés, avec leurs vivres en abondance, leurs voitures en quantité suffisante, et la musique qui les accompagne.

Eh bien, moi, ma fille, quoique tu puisses faire aujourd'hui, j'ai(l'intention) de dire à mon esclave ici présent, de tuer un mouton pour leur dîner. Dès demain, les voisins qui se réuniront ici, tueront un boeuf (en leur honneur).

Ils firent ainsi. Elle déclara : "maman, avant tout, donnez-moi le temps de l'examiner. Elle l'examina et lui dit "toi, tu as une cicatrice sous ton sein."

Le génie l'apprit, et transforma tout ce qui était arbuste en pur-sang, un parfum s'exhala dans le village, (d'une douceur indicible). Les tam-tam qui battaient transmettaient une musique enivrante. Un grand nombre de gens formaient sa suite, chacun des pur-sang se dressait fièrement vers le ciel.

Le village était tellement illuminé, que même si on avait perdu une aiguille, on l'aurait facilement retrouvée. Ils firent "mamaakh'et se présentèrent. Elle appela sa suivante et lui dit : "va dire à mon père de me chercher un troupeau de boeuf pour une semaine, qu'il me trouve un troupeau de chevaux pur-sang pour une semaine, des moutons... bien en graisse et un enclos où les parquer pour une semaine. Qu'il me fasse puiser une provision d'eau, rien ne doit manquer, car j'arrive avec ma suite.

Ils firent Bamaas ! dans le village, alors que c'est le génie qui vient lui demander sa main, quand il vint et fit "yayy" puis "mutt" beaucoup d'argent s'éparpilla. Il leur dit, ceci c'est pour les enfants et les vieillards. Ces derniers se précipitèrent pour le ramasser. D'autre génie fit "yayy", puis "mutt", l'or fit "fie te te te" en tombant. Il dit : "ramassez cela, vous les jeunes filles, c'est pour vous ; le "ngalam" est pour les belles demoiselles.

.../...

Quand ils descendirent de cheval, elle s'exclama "pourtant mon père ; cet hôte je crois que je me mariera aujourd'hui, elle se leva brusquement et dit à sa (suivante) "sors moi mon armoire" -Elle tira l'armoire et le plaça (en face d'elle) - Elle dit à sa maman "moi, je m'en vais, je suis sûre que celui-ci n'a pas de cicatrice, ce doit être un génie.

Quand il vint et lui dit : "attends que je parle avec tes compagnes de même génération et de même souche noble. Elle s'écria : non, non, je rejoins mon foyer conjugal aujourd'hui, d'ailleurs, viens avec moi que je t'examine. Elle l'examina partout et, ne voyant aucune cicatrice, déclara : "je m'en vais". On lui demanda de faire sortir les nattes. Elle sortit les nattes, fit appeler les anciens du village pour qu'ils la bénissent. Ils leur laissèrent tous les pur-sangs, tous les moutons en graisse, tous les boeufs, ils laissèrent tout (au village).

Quand il monta à cheval, ils se mirent en route et sortirent du village, derrière le village le cheval (de la mariée) tomba sur ses pattes et prit la taille d'un âne, ses pattes commencèrent à traîner. Elle s'exclama : Eh bien ! tout ceci est vraiment...

Il l'interrompit et lui dit : "eey, reste tranquille, on ne parle pas la nuit." Le génie qui l'a épousé s'appelle Saatagnali.

Les petits génies de Saint-Louis s'écrièrent : "Khaae, ey Saatagnali tu es un champion" Il leur dit : doucement :, je ne suis pas encore arrivée à destination.

Ils parcoururent encore la même distance que celle qui sépare la maison de l'arrière pays, il avança sous le baobab, et lui donna un coup du paume de la main, l'écorce du baobab se déchira et le baobab devint tout blanc. Le génie le frappa et lui assena un coup de paume de la main sur le dos, un autre coup sur la poitrine, et son sein se déchira. Les petits génies entonnèrent cette chanson : "Sataagnali tu est méchant

Sataagnali tu es méchant
tu as déraciné le baobab et
l'ajouta au nombre des génies

Koling, Koling, Koling, Koling."